# Bhojpuri Song Transcript

आजु के बच्चा हमनि के कल, स्वस्थ रहि त होई सफल।
आजु के बच्चा हमनि के कल, स्वस्थ रहि त होई सफल।
हम जागीं आ साथे-साथे सबके जगावे के।
हम जागीं आ साथे-साथे सबके जगावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।

माई-बहिनी ई रखिहा याद, बचपन जीवन के बुनियाद।
माई-बहिनी ई रखिहा याद, बचपन जीवन के बुनियाद।
माई के दूध जरूरी बहुते, कम से कम छः महीना तक।
अल्पाहार दिन में करावा, दू घंटा के अंतर रख।
दाल के पानी, आटा के लपसी, खिचड़ी खियावे के।
दाल के पानी, आटा के लपसी, खिचड़ी खियावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।

नियमित टीका, पोलियो ड्रॉप, याद रखे ई सब माँ-बाप
नियमित टीका, पोलियो ड्रॉप, याद रखे ई सब माँ-बाप।
प्रसव हो केवल अस्पताल में, करीं सुरक्षा जीवन के
ध्यान रखीं सब, सउ गोली आयरन के दीं,
जच्चा बच्चा रहे सुरक्षित, सबके बतावे के,
जच्चा बच्चा रहे सुरक्षित, सबके बतावे के,
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।

मीस-मीस के केला खियाईं, और चावल के माड़ पियाईं।
मीस-मीस के केला खियाईं, और चावल के माड़ पियाईं।
पढ़े ना पावे, त धुन रखीं, ध्यान हमेशा।
राज्य पोषण मिशन एहिसन देश-सबन के देता।
जनहित के ये बात हमें घर-घर पहुँचावे के।
जनहित के ये बात हमें घर-घर पहुँचावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।

आजु के बच्चा हमनि के कल, स्वस्थ रहि त होई सफल।
आजु के बच्चा हमनि के कल, स्वस्थ रहि त होई सफल।
हम जागीं आ साथे-साथे सबके जगावे के।
हम जागीं आ साथे-साथे सबके जगावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।
पोषण हो हर बच्चा के, कुपोषण जड़ से मिटावे के।